

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN

Satuan Pendidikan : SMKN 1 Wanayasa
Kelas/ Semester : X/ 2
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Materi : Crita wayang
Alokasi Waktu : 10 menit

A. TUJUAN PEMBELAJARAN

Melalui metode diskusi kelompok dengan menggunakan pendekatan saintifik, peserta didik dapat mengidentifikasi unsur pembangun crita wayang.

B. KEGIATAN PEMBELAJARAN

Kegiatan / sintak	Kegiatan Pembelajaran	Waktu
Pendahuluan	<ul style="list-style-type: none">• Guru membuka pembelajaran dengan salam, dan menanyakan siswa yang tidak hadir• Guru membangun apersersi, dengan pertanyaan interaksi tentang wayang• Guru menyampaikan informasi mengenai tujuan pembelajaran	2 Menit
Kegiatan Inti	<ul style="list-style-type: none">• Siswa mendengarkan penjelasan mengenai unsur unsur pembangun dalam crita wayang• Siswa membaca teks crita wayang yang diberikan guru dengan seksama• Siswa mengidentifikasi unsur pembangun crita wayang.	6 Menit
Kegiatan Akhir	<ul style="list-style-type: none">• Siswa dan guru menyimpulkan unsur pembangun dan isi teks <i>crita wayang bima bungkus</i>• Siswa merefleksi penguasaan materi yang telah dipelajari dengan membuat catatan/ rangkuman/ kesimpulan• Siswa mendengarkan arahan guru tentang rencana pembelajaran guru pada pertemuan yang akan datang	2 Menit

C. PENILAIAN PEMBELAJARAN

1. Rancangan penilaian
- a. Penilaian Pengetahuan

Tujuan Penilaian	Tehnik penilaian
Proses pembelajaran	Lisan
Proses Pembelajaran	Produk (teks synopsis)
Proses Pembelajaran	Praktik menceritakan kembali

- b. Penilaian sikap : Observasi tentang nilai nilai karakter yang terbangun dan tertanam dalam diri peserta didik dan dituangkan dalam jurnal.

2. Instrumen penilaian

- a. Pengetahuan : Soal uraian
- b. Ketrampilan : Produk/ teks sinopsis crra wayang bima bungkus
- c. Sikap : Jurnal pengamatan sikap

Wanayasa, Januari 2022
Guru Mata Pelajaran

ANTON SUPRIONO, S.Pd

LAMPIRAN MATERI

1. Pangertene wayang

Wayang yaiku sawijining wujud seni pertunjukan kang awujud drama kang khas. Seni kang kamot sajroning pertunjukan iki yaiku : seni swara, seni sastra, seni musik, seni tutur, seni lukis, lan sapanunggalane. Dene ana sawetara pihak kang duwe panganggep menawa pertunjukan wayang ora mung kesenian, nanging ngemot pralambang. Saora-orane wiwit abad kaping 19 nganti saiki, wayang wis dadi sasaran kajian lan didiskripsikek dening para ahli.

Wayang akeh banget jenise minangka kesenian rakyat utawa kraton, ana wayang glek kang kagawe saka kayu, ana wayang kulit kagawe saka kulit, wayang klithik kagawe saka kayu, wayang beber digambar ana ing kertas utawa kulit lan sapiturute. Sumbere crita saka Ramayana lan Mahabarata, crita-crita Menak, crita-crita Panji, syair-syair kepahlawanan utawa kreasi anyar kang nyritakake prastawa-prastawa anyar.

Saliyane kuwi werna-wernaning wayang iku uga ana kang sinebut wayang wong, kang dipragakake dening uwong, lan wis ana wiwit abad kaping 18. Wayang iki entuk sambutan kang apik saka masyarakat, mula ing jaman sateruse ketok akeh perkumpulan wayang wong. Ing pungkasaning jaman saiki wis akeh museum wayang antarane ing Jakarta lan Ngayogyakarta. Sawetara paneliten nyimpulake, wayang minangka sarana nggambareke alam pikirane piyayi Jawa kang dualistik. Ana rong prekara, pihak utawa klompok kang ora cocok, beda, antarane apik lan ala, babagan lair lan batin, alus lan kasar, Pandawa lan Kurawa. Kalorone nyawiji ana sajrone manungsa kanggo nggoleki keseimbangan. Wayang uga dadi sarana ngendhaleni sosial, umpamane kanthi kritik sosial kang diwujudake lumantar banyolan.

Crita wayang iku duwe struktur formal. Struktur kuwi kedadeyan saka unsur-unsur kang padha gayut antarane siji lan sijine. Unsur-unsur yaiku tokoh, watak, alur, tema, latar, lakon, pesen kang kamot, pitutur (pesan moral) kang kakandhut sajroning crita wayang..

2. Unsur crita wayang

Unsur-unsur pembangun crita wayang iku padha karo unsur-unsur crita liyane, yaiku tema, latar/*setting*, penokohan, alur, pesen, punjering crita/sudut pandang, lan konflik, wos surasane crita, lan gawe ringkesan.

LAMPIRAN PEDOMAN PENILAIAN

1. Penilaian Sikap

Penilaian Proses dan Hasil Belajar

No	Nama	Kejujuran	Kedisiplinan	Tg.jawab	Santun
1					
2					
3					
4					
5					

Ket :

Siswa yang jujur, disiplin, bertanggung jawab, dan bersikap santun : 1

Siswa yang tidak jujur, disiplin, bertanggung jawab, dan bersikap santun : 0

Nilai 4 = Sangat baik, 3= baik, 2 = cukup baik, 0-1 = kurang

2. Penilaian Ketrampilan

- Teknik : Tes Lisan, Produk, dan Kinerja
- Bentuk : Penugasan menceritakan kembali cerita wayang bima bungkus
- Instrumen : Tes dan Non tes

3. Penilaian Pengetahuan

- Teknik : Tes tertulis
- Bentuk : Soal Uraian
- Instrumen : Tes
- Pedoman Penskoran $\frac{jumlah\ skor}{skor\ maksimal} \times 100$

Gatekna crita ing ngisor iki!

BIMA BUNGKUS

Jejer Ngastina. Duhkitaning Prabu Pandu lan Dewi Kunti jalaran lahire ponang jabang bayi kang awujud bungkus. Tan ana sanjata kang tumawa kanggo mbedah bungkus. Kurawa uga melu cawe-cawe arsa mecah bungkus, sanadyan amung lelamisan, bakune arsa nyirnaake si bungkus. Wisiking dewa sang bungkus den bucal ing alas Krendawahana..

Ing pertapan Wukir Retawu Bagawan Abiyasa kasowanane Raden Permadi kang kaderekaken repat punakawan.

“Kanjeng Eyang, kadi pundi nasibipun Kakang Bungkus, sampun sawetawis warsa mboten wonten suraos ingkang sae, bab menika Eyaang, andadosaken duhkitaning Kanjeng Ibu Kunti...”

Tartamtu Sang Winasis kang panceñ luber ing pembudi sampun pirsa apa kang dadi lakon.

“Putuku nggeeer, Permadi, mangertiya jer kakangmu nembe nglakoni karmane, ing tembe kakangmu Si Bungkus bakal dadi satriya utama, lan bakal oleh apa kang sinebut wahyu jati...”

Ing Suralaya, Batara Guru nimbali Gajahsena, putra sang batara kang awujud gajah, kinénen mecah si bungkus saengga dadi sejatinéng manungsa. Sang Guru ugi angutus Dewi Umayi kinénen nggladhi kawruh babagan kautaman marang si bungkus.

Purna anggennya peparing ajaran marang si bungkus, Dewi Umayi aparing busana arupa cawat bang bintulu abrit, ireng, kuning, putih, pupuk, sumping, gelang, porong, lan kuku Pancanaka.

Salajengipun, Gajahsena mbuka bungkus. Pecahing bungkus dados sapatemon kekalihipun, kagyat dados lan perangipun. Binanting sang Gajahsena. Sirna jasad sang gajah. Roh lan daya kekiyataniipun manjing jroning angga sang bungkus.

Praptene Betara Narada.

Si Bungkus tumakon marang Sang Kabayandewa, “Heemmm, aku iki sopoh?”

“Perkencong, perkencong waru doyong, ngger, sira kuwi sejatine putra kapindho ratu ing Amarta Prabu Pandudewanata. Sira lahir awujud bungkus, lan kersaning dewa sira kudu dadi satriya utama..., lan sira tak parangi tetenger Bratasena ya ngger...”

Rawuhipun Ratu saking Tasikmadu kang nyuwun senjata pitulungan marang Bratasena kinénen nyirnakaken raja raseksa aran Kala Dahana, Patih Kala Bantala, Kala Maruta lan Kala Ranu. Para raseksa sirna. Sekakawan kekiatan saking raseksi wau nyawiji marang Raden Bratasena, inggih punika kekiatan Geni, Lemah, Angin lan Banyu.

Garapen soal-soal ing ngisor iki!

1. Tulisen unsur-unsur pambangun crita wayang saka crita ndhuwur!
2. Sebutna paraga-paraga ing crita wayang iku!
3. Jlentrehna watak-watake para paraga ing crita iku!
4. Andharna wosing crita wayang ing ndhuwur!
5. Wedharna pitutur luhur apa kang bisa kapethik saka crita wayang iku!